

EDISI **01**
JANUARI - JUNI
2015

swaratama

majalah basa jawa

DITERBITAKE
DENING
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TENGAH

Pilihan Basa Ngoko
lan Krama

GEGURITAN

Imam Budhi Santoso

Kudhi, Gaman Tengere Tlatah

BANYUMASAN

Cerita Cekak
"MUNG"

"HANACARAKA"

“Bener Ketenger,
Becik Ketitik,
Ala Ketara ...”

- *Paribasan iki mratelakake sapa wae diarep kabecikane lan ora wigah-wigih tumindak pener tumrap liyan.*

*Sawijining karya patung koleksi Galery Pelukis Nasirun.
(foto: Swaratama)*

Pesenan iki diaturake dening:
KANTOR BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TENGAH

חתה וד וד וד וד
 תח ותח ותח ותח
 חתה ותח ותח ותח
 דח ותח ותח ותח

POLO TRIUNS

Ngapa re ditulis nganggo pa cerek lan le ditulis nganggo nga lelet?


3

Ngopeni Basa lan Sastra Jawa

Wis suwe Jawa Tengah ora duwe majalah basa Jawa. Kamangka biyen ing provinsi iki tau ana majalah lan koran basa Jawa kayata *Dharma Nyata*, *Dharma Kandha*, *Parikesit*, lan *Pustaka Candra*.

swaratama
majalah basa Jawa

Mbangun Kuncaraning Basa,
Sastra, lan Budaya Jawa



WARA-WARA

Redaksi nampa tulisan saka para maos. Tulisan bisa kakirimake liwat email majalah.swaratama@gmail.com utawa dikirim menyang alamat redaksi, Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah Jalan Elang Raya nomor 1, Mangunharjo, Tembalang, Semarang 50272. Tulisan kang kapacak bakal entuk bebungah saka Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah.

Eman banget *media massa* mau banjur mati lan ana kang malih nganggo basa Indonesia. Durung suwe iki ana majalah kang nganggo basa dhaerah kang terbit ing Jawa Tengah, yaiku *Podang* lan *Ancas*. Muga-muga majalah loro kuwi tetep bisa lestari terbit, ora mati kaya liyane.

Sokur yen banjur ana majalah-majalah liya kang nggunakake basa Jawa terbit lan ngrembaka ing Jawa Tengah.

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah minangka instansi kang duwe kewajiban nguri-nguri lan ngrembakakake basa Indonesia lan dhaerah ing kalodhangan iki arep melu ngregengake majalah basa Jawa. Mula, banjur diterbitake majalah *Swaratama*. Minangka majalah kang diterbitake instansi kang ngopeni basa lan sastra, majalah *Swaratama* uga ngemot masalah kawruh basa, kawruh sastra, cerita cekak, geguritan, macapatan, lan tulisan aksara Jawa. Amarga ngrumangsani yen ing Jawa Tengah akeh dhaerah kang duwe dhialek utawa logat dhewe, mulane ing majalah iki uga diwenehi wadhah kanggo tulisan saka logat-logat mau. Ing *edisi* kapisan iki nembe logat Banyumas lan Tegal kang mlebu ing meja redaksi. Ing *edisi* sabanjure ana tulisan saka logat liyane kayata Tegal.

Pungkasaning atur, majalah iki isih akeh kekurangane. Mula, redaksi mbutuhake panyaruwe saka para maos amrih becike majalah iki. Redaksi uga nampa tulisan saka masarakat. Para maos kersaa ngirimake tulisane marang redaksi. Muga-muga majalah iki terus bisa lestari terbit ing dina-dina candhake.

Nuwun. 🙏



SUSUNAN REDAKSI

Penanggung Jawab: Drs. Pardi, M.Hum ~ **Pemimpin Umum:** Drs. Suryo Handono, M.Pd ~ **Pemimpin Redaksi:** Kustri Sumiyardana, S.S., M.Hum ~ **Sekretaris Redaksi:** Sunarti, S.S., M.Hum ~ **Redaktur Pelaksana:** Yan Tohari, Widiyartono R ~ **Redaktur:** Bambang Sulanjari, S.S., M.A., Mochammad Fikri, S.S., Tri Wahyuni, S.S ~ **Reporter:** Drajat Agus Murdowo, S.S., Trimana Laksana ~ **Ilustrator:** BP. Soedarsono, SG ~ **Desain grafis dan Tata Letak:** Akhid Anshori Setiawan, A.Md ~ **Keuangan:** Andy Rahmadi Santoso, S.Kom ~ **Sirkulasi:** Lely Siti Fatimah, S.E., M.Si, Slamet Priyono, S.E., Umiluningsih, S.E ~ **Desain Produksi:** Handry TM.



Gelaran

Sawijining gelaran tari, sing nggambarake manunggaling semangat para prajurit ana ing sawijining gelaran seni rakyat Kudus. (Foto: Ozz)



TERAS

Selasa Kliwonan Yayasan Kanthil

GURU Basa Jawa KURANG "Kompetensine"

Pangarsa YPLP PT PGRI Dr. Sudharto, M.A. ngakoni menawa guru basa Jawa ing sekolahan isih kurang kompetensine. Guru-guru, sing umume isih para mudha kuwi, luwih nguwasani ilmu bahasa (linguistik) katimbang penguwasane bab migunakake basa Jawa ing tataran praktis.

8

Kudhi, Gaman Tengere Wong Banyumasan

Kudhi ya kuwe salah sijine gaman tradhisional sing landep khas Banyumasan. Gaman kiye kayong dekenal nang tlatah Jawa liyane gutul Madura.



12

Kawruh "Mulur Mungkret" Ki Ageng Suryomentaram

14

16 Geguritan



Cerita Cekak

Mbung
Dening
Triman Laksana

Srengene nembe wae jumedhul saka bang wetan. Dhusun Margoluwih wis geger. Suwara-suwara pating clebung jumedhul saka lambene uwong-uwong. Gubug duweke Tarno ing pinggir sawah, diobong uwong.

20

Wacan Bocah

23 Pitik Walik Jambul

Grenengan

27 Basa Jawa Perlu "Marketing"

30

Kawruh Basa Pilahan Basa Ngoko lan Krama



Candhi Cetho

Misteri Ing Gegere Gunung Lawu

Sawise ngliwati dalan sing kebak tikungan lan sengan utawa tanjakan ing gegere Gunung Lawu, lan mandeng endahe kebon tehe sing ijo nyegerake sesawangan, banjur tekan ing Cetho.

34



Bathik Tegal, Local Heritage

Bathik wis dadi salah sijine *local heritage* masarakat Indonesia. Bathik beh bisa didadekena buktine budhaya asli awake dhewek. Ora klalen, Tegal beh nduwe bathik sing moncer dikenal wong maring ngendi-endi bae.

36



Pangarsa YPLP PT PGRI Dr. Sudharto, M.A. ngakoni menawa guru basa Jawa ing sekolahan is kurang kompetensine. Guru-guru sing umume isih para mudha ku luwih nguwasani ilmu bahasa (linguistik) katimbang penguwasane bab migunakake basa Jawa ing tataran praktis.

Selasa Kliwonan Yayasan Kanthil

GURU Basa Jawa KURANG "Kompetensine"



Dr. Sudharto ngendika bab kuwi nalika mangsuli pitakonan ing acara Selasa Kliwonan yayasan Studi Bahasa Jawa Kanthil ing kampus STIEPARI Bendan Ngisor, Semarang, durung suwe iki.

Proses pembelajaran sing luwih ngutamakake kawruh bab ilmu bahasa ana ing pendhidhikan formal, ndadekake para guru basa Jawa ora duwe kabisan migunakake basa Jawa kanthi apik. "Guru-guru angel ngowahi *mindset* utawa pola pikire ana ing cara pemulungan basa Jawa. Guru basa Jawa ora nyinau maneh lan ora disinaoni. Sing dikuwasani mung ilmu basa Jawane wae, mulange uga mboseni," ngendikane Dr. Sudharto.

Yen guru anggone mulang marakake murid bosen, ndadekake apa kang diwulangake ora ditampa kanthi becik dening murid. Kangmangka, basa Jawa bisa dadi sumbering pendhidhikan karakter bangsa. "Mulang basa Jawa kuwi aja dingel-ngel, murid marakake wegah kepara wedi. Pamulangan basa Jawi becike ditujukake ing masalah komunikasi wae. Wis ora jamane bocah-

bocah dikon ngapalake jeneng godhong, kembang, lan anak kewan," pangandikane manten guru basa Jawa iki.

Pak Dharto juga nyaruwe bab pamarentah Jawa Tengah sing ora patiya nggatekake bab basa Jawa. Ing Perda No. 9 Taun 2012, utamane ing pasal 12 disebutake:

Strategi kebijakan perlindungan, pembinaan, dan pengembangan bahasa, sastra, dan aksara Jawa dilaksanakan melalui upaya di lingkungan pendidikan formal, meliputi:

A. menyusun dan menyempurnakan kurikulum bahasa dan sastra Jawa sesuai dengan perkembangan dan kemajuan masyarakat;

B. meningkatkan kemahiran berbahasa Jawa dengan menyelenggarakan pendidikan dan pelatihan bagi tenaga pengajar bahasa dan sastra Jawa;

C. menyediakan dan mengangkat guru bahasa Jawa dan tenaga fungsional sesuai dengan strata pendidikan bidang studi bahasa dan sastra Jawa;

D. meningkatkan kualitas guru bidang studi bahasa, sastra, dan aksara Jawa secara profesional melalui sertifikasi;

E. menyediakan bahan ajar, buku pelajaran, dan



Dr. Sudharto lan Drs. Sri Mardjoko medhar bab basa lan budaya Jawa kanggo sumber pendhidhikan karakter bangsa. (Foto Wiedya)

buku bacaan sesuai dengan varian-varian dan dialek-dialek yang ada di daerah;

F. meningkatkan kualitas metodologi mengajar dengan mendayagunakan teknologi informasi dalam proses pembelajaran bahasa, sastra, dan aksara Jawa;

G. meningkatkan kegiatan apresiasi, dan kompetisi mengenai penulisan dan penggunaan bahasa, sastra, dan aksara Jawa;

H. menyusun dan menyempurnakan pedoman tata penulisan bahasa Jawa dengan huruf latin dan aksara Jawa;

I. melakukan kegiatan penelitian dan pengajaran terhadap tingkat tutur bahasa Jawa yang diselaraskan dengan perkembangan kehidupan masyarakat;

J. meningkatkan perhatian dan dukungan terhadap kegiatan transkripsi, dan transliterasi naskah-naskah sastra Jawa yang memiliki nilai-nilai unggul.

Pak Dharto pitakon, apa Pamarentah Provinsi Jawa Tengah wis nindakake kuwi? "Iki bisa disebut mbadal (pembangkangan, *Ind.*) marang Perda. Jawa

Tengah duwe Perda, nanging ora dileksanani. Endi guru basa Jawa sing diangkat dari pegawe negeri?" mengkon pitakone.

Mbangun Karakter

Pak Dharto ngendikakake, menawa budaya Jawa, kalebu basa Jawa bisa dadi sumbering pambangunan karakter bangsa. Ngadhepi kahanan sing ora tentrem, sipate asli etnis Jawa sejatine bisa dadi kendhali. "Sipat iku pancadane ana telu, yaiku isin, sungkan, lan wedi. Sipat dhasar dumadi saka sejarah Jawa sing lawase ewon taun. Ing kono ana sipat religius nondogmatis, toleran, akomodatif, lan optimistik," ujare.

Interaksi sipat dhasar iku ngatonake corak lan watak kejawan kaya dene kapracayan marang Gusti Allah, corak idealistik, pracaya marang takdir, pasrah nanging ora duwe sikep fatalistik. "Sipat Jawa iku luwih ngutamakake hakikat katimbang ritual formal. Ngutamakake sih katresnan kanggo landhesan pokok sesrawungan, ngajeni agamane liyan, lan ora nganggep keyakinanane dhewe sing paling bener. Sacara hakiki, sejatine sipat luhur Jawa iku jumbuh karo Pancasila," pangandikane.

Sumbangan tumrap pambangunan karakter iku bisa ditemokake ana ing unen-unen, paribasan, lan

karya sastra. Unen-unen "gemi nastiti ngati-ati" ngajari ora boros, tлити, lan ngati-ati. "Sing sapa salah seleh", iki bab penegakan hukum. Sing luput ya diukum, ora bisa kok terus wae nyekel panguwasa. "Ana awan ana pangan, ana dina ana upa", iki bab optimisme. Tembung "aja dumeḡ," aja nganti awake dhewe iki dadi arogan, dumeḡ lagi dadi dadi panguwasa, umpamane.

Paribasan lan unen-unen liyane kaya "adigang-adigung adiguna", nggambarake wong kang rumangsa duwe kalimpadan/kapinteran, rumangsa gedhe, sugih, uga rumangsa duwe kuwasa banjur tumindak sakwenang-wenang.

Nanging, Pak Dharto uga ngendikakake menawa akeh unen-unen Jawa sing dijarwakake kanthi kleru. Umpamane "mangan ora mangan kumpul", dianggep wong Jawa kuwi wegah ngulandara (*merantau*), angel dikon transmigrasi. Kangmangka, unen-unen kuwi ngemu teges yen wong Jawa kuwi raket ing paseduluran. Kumpul iku akeh pigunane, merga bisa ngrembug maneka warna bab kanggo kepentinganane wong akeh.

Ana maneh sing nganggep wong Jawa kuwi kesed, klelat-klelet merga ana unen-unen "alon-alon waton kelakon". Miturut Pak Dharto, unen-unen iki ngemu teges yen wong Jawa kuwi ngati-ati, kabeh dilakoni kanthi petungan sing mremet, ora grusa-grusu, murih asile bener lan migunani.

Acara Selasa Kliwonan Yayasan Studi Bahasa Jawa kanthil ing STIEPARI iki dirawuhi dening pangarsane Prof. Dr.Dr. Soetomo, W.E., M.Pd. lan Drs. Sri Mardjoko, sarta pejabat saka Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kota Semarang makili wali kota. Katon ing sarasehan iku uga para dhosen STIEPARI, mahasiswa, lan undhangan liyane. 🙏

Tembung "aja dumeḡ," aja nganti awake dhewe iki dadi arogan, dumeḡ lagi dadi panguwasa, umpamane.



**Wayang Ukur in Photography
by Heru S Sudjarwo**

Kudhi,

Gaman Tengere Wong Banyumasan

Dening:
Ahwan Nathansyah

Kudhi ya kuwe salah sijine gaman tradhisional sing landep khas Banyumasan. Gaman kiye kayong dekenal nang tlatah Jawa liyane gutul Madura.

Kudhi ya kuwe salah sijine gaman tradhisional sing landep khas Banyumasan. Gaman kiye kayong dekenal nang tlatah Jawa liyane gutul Madura.

Gaman kiye migunani kanggo ngethok-ngethok kaya lumrahe gaman. Kudhi uga duwe punuk nang ngingsore. Dhong jaman kuna, gaman kiye nglambangna dhaulat karo kuwasane wong, dadi mandan sakral lan nduwe karakter sing nyatu karo wong-wong sing nduwe kuwasa dong jaman ndhipit, anggepan kiye kanggo ngantek abad kaping 19. Ciri kususe yakuwe ning bageyan wetenge kudhi bentuke kempleng.

Kanggone kudhi kuwe akeh, bisa deenggo bacrok, ngalusna, nyongkel, ndeblag, lan saliyané maning. Angger nang tlatah Sunda, kudhi kiye arep padha bae karo kujang. Ukuran asline jaman ganu jane mandan cilik, ujude akeh jenise, ana sing jenenge *kudhi peksi*, *kudhi wayang*, lan liya-liyane. Jaman siki, bentuk lan ukuran Kudhi wis dipadakna karo gunane (lewih pragmatis). Angger kudhi kuwe uwis ora landhep maning dearani kudhi gerangan.

Kudhi, siki dadi salah siji tengere Banyumasan. Malah, ana paguyuban-paguyuban Banyumasan sing nganggo gambar Kudhi nggo lambang utawa logo paguyubane. Kudhi kuwe dadi gamane ramane sing paling landhep lan ora kena nggo dolanan nang bocah cilik. Mulane para sedulur sing pada ngenger nang Jakarta utawane nang endi bae aja klalen karo budayane dhewek. Sedulur sing pada ngenger ana kutha-kutha gedhe angger bali aja padha kemlithak klalen karo kebiasane dhewek, sebab angger udu wong

Banyumasan sing temandang eling karo kebiyasane, toli sapa maning?

Wujude Kudhi

Lagi ning pewayangan, kudhi kuwe gaman sing tansah degawa dening Bawor utawa neng basa bandhek dearani Bagong. Tumrape wong sing ora ngerteni apa kuwe kudhi, mesthi ora bisa mbayangna bentuke angger ora ana gambare utawa ora tau weruh dhewek. Kanggo para sedulur sing mandan ora ngerteni wujude kudhi, siki bisa nggoleti gambare utawa ukarane ning internet. Angger para sedulur kepengin ngambakna elmu bisa teka maring tlatah Banyumasan toli bakal ngerteni.

Nyawang wujude kudhi sing wetenge kempleng pancen ora gampang nggawekna rangka. Deprelokna ilmu kusus gawe rangka kudhi kuwe. Prelu wong sing tlaten lan ngerteni falsafahe kudhi kuwe. Ana paribasan Banyumasan yakuwe "*mrangkani kudhi*". Kudhi ibarate manungsa sing kudu deatur mulane kudhi nyengkuyung goli glethikan. Neng basa *manajemen* sedina-dinane, paribasan "*mrangkani kudhi*" bisa detegesi *manajemen pemangku kebijakan*. Rangka sing dimaksud yakuwe agama, waleran, karo *akhlak*. Dadi, sing dearani "*mrangkani kudhi*" yakuwe tansah momong wong

sing angel walerane.

Ana maning paribasan Banyumasan bab kudhi, yakuwe "*kudhi pacul singa landhepa*". Pacul karo kudhi kuwe padha landhepe, aja dedu. Gari endi sing lewih pinter, yakuwe sing menang. Ning siki paribasan kuwe wis dadi "*win lose solution*". Ana pehak sing derugekna. Deneng kudu ana pehak sing kalah, angger awake dhewek kepengin ngasilna bab sing duwe kabecikan, kudune nganggo paribasan "*menang tanpa ngasorake*".

Deneng wong gemiyen milih kudhi dudu gaman liyane kanggo tuladha gawe "*mrangkani kudhi*", tegese gawe pengeling-eling bocah-bocah enom mampangate kudhi sing akeh banget karo bentuke sing beda karo gaman liyane.👉

“ Nyawang wujude kudhi sing wetenge kempleng pancen ora gampang nggawekna rangka. Deprelokna ilmu kusus gawe rangka kudhi kuwe. Prelu wong sing tlaten lan ngerteni falsafahe kudhi kuwe.





Kawruh "Mulur Mungkret" Ki Ageng Suryomentaram

"Mulur-mungkret" kuwi miturut ajaran kawruh Jawa Ki Ageng Suryomentaram, ngudhar bab kepinginan manungsa sing ora nate wareg. Kosok baline, yen kepinginan iku ora kejarah, manungsa bakal mungkretake kekarepane. Mula, "Mulur-Mungkret" kuwi nemplek terus ana ing sifat manungsa.



LembarSASTRA

Majalah Basa Jawa Swaratama

Lembaran iki
macak seratan
Cerita Cekak, Geguritan,
Komik, Cerita Anak lan
sapanunggalane. Naskah isa
dikirim ing alamat
e-mail:
majalah.swaratama@g
mail.com.
-Red



Geguritan

Cerita Cekak

Dening
Triman Laksana
Mbung

PITIK
WALIK
JABUL ...
Dening Ki Widya Wiryatmaja ...

Iman Budhi Santosa


Ajara Bali Dadi Wong Jawa

Kesel ngumbara kabur kanginan
campur lebu, rebut balung dadi pangewan-ewan
aku milih bali adus banyu kali, mangun langgar
ing telenge ati. Milih gubug penceng cagak pring ori
klasa mendhong, pasa mutih
murih rejeki ora panglong tembe mburi

Kesel ninggal carakan warisane Ajisaka
ana sing mbisiki saka pojok senthong
kebak angga-angga. "Sing prasaja wae,
ngendi omahmu yen dudu wuku weton
petungan neptu Pon, Wage, Kliwon..."

Bebarengan swarane angkup nangka
ngenthire jangkrik upa, ana wengi
sing nudingi pendheman ari-ari
"Dulure sapa nganti tega mbok tinggal
tanpa pamit, ngundha angen-angen muspra
ngluwihi semut kang tansah disiya-siya
ngrubung sisane pangan jalma manungsa..."

Ngonceki petenge ati, lintang-lintang abyor
nanging ora ana sing niba ing pangkonku iki
sajak aku kudu eling lan nyawiji
ngrungkebi dhawuhe para sepuh duk ing uni
ora ana alane narima ing pandum bali diwiradati



Iman Budhi Santosa

Danau Salak 1982

Kendhang tekan sabrang nggelak panjangka
ngudang kencenge ati ngulir budi mbabad sengkala
dimen anak-putu ngrasakake jagad bawera
dimen papa-cintraka pegat sadurunge rahina

Adoh sangkan cedhak paran, adoh Pon
Wage Kliwon, sadhengah durung cumepak
kejaba tunggak mranti lan kayu wesi
kapatah ngreridhu mbandakalani
tekad kang cekak, angen-angen kang wus cumithak

Dudu dongeng ampuhe panah Dhayak
tumbak tameng, apadene grumbul datan kepiyak
Dudu lanang yen kalah karo walang
ngripta wulu-wetu jagung pari kacang
awit durung titi-wanci nggege mangsa sila tumpang

Gremet-gremet waton slamet, rila-legawa
tansah cinathet, ngluwihi jimat wiradat
ora bakal pedhang granggang bisa ngruket
ora bakal cilik aten ngeyub sangisoring suket

Danau Salak mujudake lokasi PIRBUN Kopi ing Kalimantan.

Kuburan Manuk Gunung Ungaran

Sumlempit ing pereng gunung
adoh langit, babarpisan dudu papan wingit
manuk-manuk kumleyang mbaka siji
antri dadi bathang, nunggu pati
tumpuk undhung ngebaki jugangan
kepingin manunggal dadi saluwangan

Ana thilang, podhang, bethet, jalak, derkuku
anteng meneng ngugemi wangsite Gusti
ora suwala katimbangan bali
ninggal cucuk, cakar lan swiwi
ninggalake ocehe ing pang-pang jati mahoni
murih bedhil gotri ora tegel ntoni

Aku mung bisa kamitenggengen saka ngisor akasia
nyipati iber-iberan reruntungan
nilingake alon swarane getih, pedhoting sih
bakal dadi kasunyatan kang sayekti
susuh endhog ora bisa nggondheli

Ah, kewan wae krasa yen wis titi mangsa
semono uga kudune aku kowe
siyaga ditimbali awan bengi
esuk utawa sore, sawise tutug
ngrasakake sega banyu paringane

Ajar Wedi Karo Pucuking Eri

Ajara wedi karo pucuking eri
awit yen kecocog dudu wetune getih kang ndrawasi
nanging larane bisa nunjem tekan telenge ati

Ajara bali dadi bocah, playon ing plataran
dolanan andhan, dhelikan, lan jumpritan
adoh gaman lan pocapan kang gampang ntoni
madhani landhepe sangkelat utawa pasopati

Ajara wedi dadi eri
nalika lugut wisa
wis ora kuwawa
gawe dredah ing alam donya
Iman Budhi Santosa



Iman Budhi Santosa

Kaki Nini Turu Kunci Candhi Gedhong Songo

Esuk awan sore bengi, ora kendhat
miji gegebenganing ati, "Tuwa-tuwas nganti candhi
ora ninggal tapak tilas, pulih dadi watu
tumrap anak-putu."

Kaya wis sabaya-pati mageri warisan suci
madhep manteb ngugemi wangsiting sepi
ngendi ana badan sapata wani mbatang sanepa
"Mbesuk yen tekan titi-wanci, candhi iki
bisa tata-jalma, ngundang pawong mitra
ngawe kadang, ngelingake sukma nglembara."

Wungkuk thuyuk-thuyuk, eseme sarwa prasaja
"Lakumu wus adoh, Thole. Candhi kang tinatah
dadi rajah ing tanganmu kudu dipepetri
jamak lumrahe manungsa dadi juru kunci
njaga sabarang kalir kang ngemu wewadi."



**Iman
Budhi
Santosa**

Lahir ing Magetan, Jawa Timur, 28
Maret 1948, saiki jumeneng ing
Jogjakarta. Nganggit akeh karya
buku, antarane: *Kalimantang*
(kumpulan cerita pendek; 2003),
Matahari-Matahari Kecil (puisi;
2004), *Perempuan Panggung* (novel;
2007), *Ziara Tanah Jawa* (puisi;
2013) lan sak panunggalane.

Wanto Tirto

Mancing

Panas-panas lunga mancing
maring kali nggawa cacing
golet watu gedhe terus thingkring
masang kenur masang pancing
sinambi udud nunggu iwak mangan
mata mentheleng ndeleng kambangan
ndat-ndut donga penguin nyendhal walesan
denenteni suwe amleng ora kaleksanan
sedina med mancing urung kasil
panas-panasan neng pinggir kali
mancing iwak urung olih
arep bali mlakune isin

25122014





Wanto Tirta

Greyengan Karo Anak

tek lela lela ela legung
anak inyong sing bagus dhewek
menenga wayah wis wengi
enggal turu ngesuk tangi
awak seger dolanan maning
tek lela lela lela legung
bocah bagus
besuk dadi wong agung
mikul dhuwur mendhem jero maring wong tuwa
aja gronong lan aleman
tek lela lela lela legung
cep menenga wayah wis wengi
mancal kemul turu lali
esuk tangi sholat subuh
sekolah sing pinter tur idhep bener
dongakna bapa ngode nyukupi butuh

11122014


Wanto Tirta

Ali-ali

ali-ali watu jajanan
aja lali amung dolanan
ali-ali sing nganggo gagah
aja lali maring gusti Allah
ali-ali watu sing banten
aja lali sembah sungkem
ali-ali embane emas
aja lali terus kramas
ali-ali tiba nglemah
aja lali bali ngumah
ali-ali wernane ijo
aja lali maring bojo
ali-ali wernane abang
aja lali maring sing lanang
ali-ali olih neng gua
aja lali maring mertua
ali-ali tiba neng tikungan
aja lali maring lingkungan
ali-ali neng dhapuran
aja lali maring aturan
ali-ali nggo mahar ijaban
aja lali maring kewajiban
ali-ali neng dhuwur sajadah
aja lali sregep ngibadah
ali-ali ilang degoleti
aja lali wong urip bakale mati
ali-ali dedelah karo hape
aja lali polah tingkah sekarepe
ali-ali gedhe sebeweh
aja lali maring sing aweh
ali-ali watu kali klawing
aja lali padha sing eling

07122014

Warto Tirta



Lahir Ajibarang
Banyumas 52 tahun
kepungkur. Karya sastra
geguritan lan puisi wis
sumebar ana ing media
cetak lokal lan nasional.
Penggurit khas
Banyumasan iki nembe
wae nampa pahargyan
"Gatra Budaya
Banyumas 2015" saka
Pemkab Banyumas.

Mbung

Dening
Triman Laksana

Srengene nembe wae jumedhul saka bang wetan. Dhusun Margoluwih wis geger. Suwara-suwara pating clebung jumedhul saka lambene uwong-uwong. Gubug duweke Tarno ing pinggir sawah, diobong uwong.



Embuh sapa sing ngobong, ora padha mangerteni. Gubug kuwi ya mung prasaja wae. Kaya gubug-gubug ing sawah biyasane, saka pring, ukuran patangmeter persegi. Mung kanggo nunggu sawah, nalika pari-pari wis padha merkatag lan wiwit kuning. Mung kanggo nggusah manuk-manuk emprit kang padha menclok, arep ngurangi nalika panen. Malah, kabar kobonge gubuge Tarno kuwi, wis nyebar ana tlatah Desa Gemahripah. Sejatine mono kobonge gubug mung kedadeyan biyasa wae, nanging nalika gubuge Tarno sing diobong, kuwi dadi istimewa.

Uwong-uwong dhusun Margoluwih padha ngembet-embetake kedadean gubuge Tarno diobong uwong kuwi, ora liya amarga Tarno makaping-kaping ora gelem teka nalika diundang patemon ing balai Desa. Dene Tarno mono mung tetep kaya adat sabene, nalika krungu uwong-uwong ing dhusune kayane nyalahake dheweke. Tetep biyasa. Ora ana

kang kudu digagas. Uwong-uwong dhusun Margoluwih bingung, kebak pitakon ana atine dhewe-dhewe. Nanging, ora wani takon langsung marang Tarno, ngapa sebabe ora nate gelem teka ana ing patemon iku? Uga gumun, nalika uwong-uwong padha weruh Tarno, nalika krungu gubuge diobong uwong. Babar blas, ora kaget, ora nesu lan wedi. Mung ngglayem wae. Kaya adat sabene.

Srengene durung ana saayang-ayang dhuwure. Sunare isih krasa anget. Angin esuk sumilir, nyempyok godhong pari. Obah-obah, kaya ombak. Endah banget. Apa maneh, parine wis padha nguning. Mertandhani meh panen. Saka kadohan katon ketebange Kardi, sajak kesusu. Marani Tarno sing lagi leleh-leleh ana sangisore wit trembesi, Nunggu sawahe. Cedhak karo gubuge sing diobong uwong. Awune isih katon. Pring kang nyangga gubug, mung kari sisa kang tumancep ana lemah. Diujarake.

"Kang, kang! Pak Lurah arep mrene!," kandhane Kardi kanthi ambegane krenggosan, karo nyedhaki Tarno. Tarno mung noleh sedhela. Terus nyawang maneh sawahe. Tangan tengene nyandhak tali rafia, ditarik-tarik. Suara pating klonthang saka tempolong sing diisi krikil, banjur keprungu.

Manuk-manuk emprit sing arep padha menclok ana pari, terus padha mabur maneh.

Rombongan Pak Lurah jumangkah tumuju papane Tarno lan Kardi kang padha lungguh ana sangisore wit trembesi. Nalika wis cedhak banget, Kardi sajak kewedan nyawang tekane Pak Lurah lan rombongan. Tarno mung ngglayem. Isih nyawang sawahe.

"Sugeng enjang, Pak Lurah!" uluk salame Kardi, karo menyang saka lungguhe. Karo nyawang priyayi loro kang nyandhang necis, wangi. Nalika nyawang pawongan telu gagah, gedhe, dhuwur awake methekol lan sangar. Kewedan.

"Sugeng enjang, Pak Lurah!"

celathune Tarno karo mesem, polatane biyasa, lan tetep lungguh ana suketan. Nyawang Pak Lurah. Tangane isih tetep nyekeli tali rafia.

Priyayi loro nyandhang necis, nyawang tajem marang Tarno. Kedhep tesmak. Nuli padha mesem. Embuh esem apa kang sumimpin ana atine. Kayane kepeksa. Beda karo pawongan telu gagah, gedhe, dhuwur, awake methekol. Malah kayane nggereng. Nyawang Tarno kanthi panyawang kebak pangancam. Tarno malah mesem, ana sing lucu. Ora wedi marang panyawang kebak ancaman kaya ngono.

"Nuwun sewu Pak Lurah, kok sampun keraya-rama dumugi papan mriki," kandhane Tarno isih mbuwang esem, nalika nyawang pawongan telu kang tansah nyawang kebak pangancam kuwi.

"Aku mung pengin ngobrol karo Kang Tarno wae..."


"Menawi badhe ngobrol kaliyan kula, mangga sami lenggahan wonten mriki. Sinambi nyawang sawah ingkang resep. Pari ingkang kuning, sekdhap malih sampun panen. Krasa kepenak ana mata. Niku menawi kersa lho! Teng suketan, kebak lendhut...hehe," Tarno

sengaja tembungé dibangetake. Karo ngguyu. Sajak ora ngrewes marang pawongan telu kuwi,

Pak Lurah terus lungguh. Njejeri Tarno. Priyayi loro nyandhang necis, kanthi wigah-wigih, uga terus melu lungguh. Nglemprak ana suketan. Sanajan lungguhe ora jenjem. Kardi bingung. Pawongan telu tetep ngadeg. Sikap waspada. Tanpa esem.

Saka kadohan, ana gumuk, uwong-uwong dhusun Margoluwih kanthi sesidheman padha ndingkik. Ana rasa wasa-was sumelang.

"Pak Lurah...."



"Budi wae, Kang!"

"Samenika harak sampun dados Lurah Gemahripah. Mangkih mboten hormat...Kepala Dhesa, je...he...he..." Tarno nggleges. Sajak ngece.

"Sakarepmu, Kang! Ancasku mrene iki...."

"Kula sampun mangertos. Bab kula mboten nate dugi wonten patemon lan rapat teng balai desa ta...hehe. Arah tujuwan pun jelas! Sawah lan tegalan dhusun niki bakal dados perumahan elit ta?," Tarno kanthi cablaka. Harak ngaten ta Bapak-bapak yang terhormat?"

"Aku Hartoyo, iki kancaku Sugiharto," ujar priyayi necis jeneng Hartoyo, karo nyalami Tarno, sanajan rada ora kepenak atine. Uga ora jenjem lungguh ana suketan. Mbok menawa durung nate lungguh ana papan kaya ngono kuwi. Nanging atine nyapih,

supaya bisa tekan tujuwane. Sanajan sandhangan necis kudu reged, kena lemah sawah.

Kardi menyang. Rumangsa ora kepenak ana papan kuwi.

"Arep nyang ngendi mas Kardi?" Budi pitakon.

"Lungguh wae, Kardi. Ben ngerti apa kang bakal dumadi," sambunge Tarno.

Kardi nuli lungguh maneh. Kanthi rasa bingung. Ora ngerti kudu kepiye.

"Sejatine karepe Kang Tarno piye?" pitakone Budi.

"Aku ora arep piye-piye kok, Bud! Eh, Pak Lurah...hehe. Mung kepengin

Pak Lurah bisa nyawang sawah, tegalan warga dhusun Margoluwih lan dhusun Hargobinangun

nganggo sandhangan ati lan nurani minangka tani utun," kalem banget pangucape Tarno. Tanpa duwe rasa wedi, sanajan pawongan telu kuwi tansah nyebar wisa pangancam.

"Maaf, Pak Tarno! Apa per-meter-e regane isih kurang?" priyayi necis jeneng Hartoyo nrambul.

Tarno nyawang tajem marang Hartoyo. Terus mesem. Esem nyalawadi.

"Sawangen Budi, eh, Pak Lurah dhing! Hehe...lemah-lemah kae banget subure.

Warga kene mung bisa tetanen, ngolah lemah. Ngolah mangsa, kapan nandur pari lan palawija. Ora bisa nandur pengarep-arep sepa lan sepi. Arep digawa menyang ngendi

para warga dhusun Margoluwih lan Hargobinangun menawa wis ora duwe sawah lan tegalan?

Sawangen kanthi ati kang wening, Bud!" kandhane Tarno maneh, kanthi ulat ora kepenak. Titis marang Budi.

"Karepmu, piye?" Budi miterang.

"Aku ora njaluk apa-apa. Ora njaluk sawah lan tegalanku diregani luwih larang saka wong-wong liyane. Mung aku mikir dawa, terus menyang ngendi uwong-uwong rong dhusun iki samangkone nyambut gawe?" pitakone Tarno marang Budi.

"Kang! Proyek perumahan Elit iki, uga bakal gawe lapangan kerja marang warga Desa Gemahripah. Bisa melu pembangunanane..."

"Nek wis rampung proyekke, warga desa terus arep nggarap apa?" pitakone Tarno tatas, nunjem atine Budi.

Budi nyawang Tarno. Ora bisa

kumecap.

"Upama nek digawe dalam lan pasar tradisional kanthi lega lan lila bakal tak cul-ake.

Awit bakal gawe gemah ripah papan iki. Ha, nek iki! Mung kanggo perumahan, berarti lemah iku terus mati. Tanduran pari, palawija dadi omah-omah elit, wong desa bakal ora bisa ngrasakke rejane desa iki maneh. Kelangan sawah lan tegalan, uga kelangan wulu wetune. Apa wis tok pikir tenan, Bud?" sepisan maneh Tarno pitakon.

Budi ora bisa kumecap.

"Sanajan gubukku wis diobong karo uwong sing ora tanggung jawab. Dikira aku terus wedi? Piye-piyea wae, aku wis nate ambyur ana perang Timor Timur. Nek mung gelut wae isih kuwat nyangga otot. Aku wis dilatih nalika dadi pasukan khusus, hla kok, arep diancam. Apa perlu nganggo kekuwatan pasukan? Mbok, menawa sanajan aku wis pensiun, ngangkat telpon, tilas anak buahku mesthine isih loyal kok ..."

"Aja tekan semono, Kang..." Budi rada mikir, praupane Tarno sakawit tansah sumringah, saiki malih serius banget.

"Aku pensiun mung pangkat Letkol, isih kelingan ta, Bud?," kandhane Tarno karo ngeget lambe. Karo nyawang Budi kebak rasa jengkel.

Pawongan telu, gagah, dhuwur,

"Bersama? Terus entuk komisi gedhe! Mbok coba delengen sepisan maneh, nganggo atimu. Lair ing papan iki, gedhe lan dadi Lurah ing papan iki. Uripe wargamu mung saka tani...."

"Warga liyane wis sarujuk, lan gelem tandha tangan..."

"Iya, Pak Tarno! Kami gelem nambahi rega sawah lan tegalan panjenengan kanthi rega ping lorone," sambunge priyayi necis jeneng Sugiharto.

"Kanthi tekanan, apa kanthi lega lila?" pitakone Tarno tajem.

Budi, Sugiharto lan Hartoyo ora bisa kumecap. Mung bisa nyawang Tarno.

"He..he...Aku ora arep dadi klilip. Mung wae, menawa aku gelem tandha tangan, ora amarga aku sarujuk. Apa maneh diancam kanthi gubukku diobong barang..hehe. Iki jaman reformasi, wis ora jaman ancaman-ancaman. Aku ora wedi marang pangancam. Mung wae, nglegani para warga sing wis gelem tandha tangan, lan, iku luwih akeh katimbang aku. Piye-piyea wae, aku kalah suwara. Lan, luwih becik aku oncat saka desa kelairanku iki. Ora kepengin nyumurupi sawah lan tegalan dijajah karo bangunan-bangunan kang ngedohake rasa gotong-royong. Aku, kalah! Rega lemahku, padha karo warga liyane, ndhak dikira aku mung golek rega dhuwur, ora, Budi. Pak Lurah yang terhormat!" Tarno karo menyat. Terus nyalami Budi, Hartoyo lan Sugiharto.

papat. Pating sliwer ana dalan gang dhusun kuwi. Uga kahanan banget bedane. Omah warga dhusun Margoluwih lan Hargobinangun mung biyasa wae, sanajan wis padha direnovasi. Nanging kalah adoh karo omah-omah kang nembe wae dadi. Sawah lan tegalan kang subur, wis dadi bangunan omah mewah. Gedhe. Magrong-magrong, regane milyaran rupiah, nantang kahanan lan mangsa.

Tarno pancen wis oncat saka dhusun Margoluwih. Omahe didol, bareng karo sawah lan tegalane. Banjur tuku omah, sawah lan tegalan ana desa Margomulyo. Pitung kilometer saka desane. Mung mesem, saben liwat weruh wong-wong dhusune iku mung bisa ndomblong nyawang omah-omah mewah, gedhe magrong-magrong kuwi. Nom-noman ing dhusune dadi Satpam, lan buruh resesik plataran ing perumahan elit kuwi. Wis ora nunggu manuk-manuk emprit sing bakal menclok ana sawahe, lan ora ngarit suket kanggo ingon-ingonane maneh. Wis ora bisa gegojegan ana galengan, lan ngolah sawah, uga tegalane maneh, karo tetembangan rawuhe Dewi Sri.

"Apa sawah lan tegalan kang subur, mung bakal dadi prasasti klawu?," panggresahe Tarno kanthi ati semplah, saben-saben liwat sawah lan tegalan desa kelairane, tansaya suwe, tansaya entek. Dadi omah-omah mewah. Magrong-magrong. Kanthi tembok dhuwur-dhuwur. Minangka tandha, jaman terus lumaku. Kebak rasa cubriya.☺

Padhepokan Djagat Djawa, Magelang, September 2015.

"Aku **nresnani** dhusun lan desa iki. Mula **aku bali** menyang bumi **kelairanku** iki. Ora urip ana **kutha** kang wis **disedhiani** karo kanca- kancaku nyekel proyek...."

gedhe methekol, nalika krungu kandhane Tarno, praupane sakawit sangar, saiki terus mbleret.

Dene priyayi loro nyandhang necis, uga rada mengkeret. Tarno nuli mesem.

"Aku nresnani dhusun lan desa iki. Mula aku bali menyang bumi kelairanku iki. Ora urip ana kutha kang wis disedhiani karo kanca- kancaku nyekel proyek. Tegalkan didegi bangunan semi permanen, kanggo kegiatan karang taruna. Nggladhi para pemudha lan pemudhi sing mung bisa ngangsu kawruh mung tekan SMP, olah ketrampilan tani lan liyane. Nek, kudu dimbrukke nggih, mangga! Terus arep didekke ngendi para pemudha, pemudhi mogol kuwi?" sambunge Tarno maneh.

"Aku ngerti, Kang! Nanging iki wis dadi keputusan"

Tarno terus jumangkah. Ninggalake sawahe. Kardi melu jumangkah. Manuk-manuk padha menclok ana parine. Tarno wis ora preduli maneh. Terus jumangkah. Dibarengi karo bubare para warga kang ana gumuk. Bali menyang omahe dhewe-dhewe. Lega. Ora ana kedadean kang ora dikarepake.

Hartoyo, Sugiharto mesem. Esem nggawa rasa kamenangan. Pawongan telu gagah, gedhe, dhuwur, awake methekol uga melu mesem. Sanajan kaku.

Dene Budi, mung bisa nyawang lungane Tarno kanthi panyawang angluh.

Sewulan, rong wulan, setaun, nganti tekan rong taun. Dhusun Margoluwih lan Hargobinangun wis ana owahan-owahan. Meh saben omah, padha duwe parabola. Kendharaan rodha loro lan

Triman Laksana, nulis kanthi basa Jawa lan Indonesia. Tulisane wis nate kapacak ing medhia dhaerah lan nasional. Taun 2012 antuk Penghargaan Sastra untuk Pendidik Nasional saka Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kemendikbud RI. Taun 2015 antuk Penghargaan Sastra Rancage saka Yayasan Kebudayaan Rancage. Manggon ing : Soto Citran. Jln. Raya Borobudur Km1. Citran. Paremono. Mungkid. Magelang 56551.



PITIK WALIK JAMBUL ...

Dening Ki Widya Wiryatmaja

Esuk, srengenge isih durung nyorotake sunare. Angin sumiyut ing papringan buri omah, swarane *ssssssuuuuuuuhhhhhhhh seeeehhhhhhhhhhhhhhhh*. Sepasang manuk srigunting jogedan ing pang randhu. Miber medhun munggah maneh gentenan.

Saka kadohan keprungu swara *cekrikreeeeeeeeekkkkkkkkk*. Ayam alas kluruk swarane mecah esuk kang wening. Dhuh endahe esuk iki, sethithik baka sethithik srengenge mlethek, sunare cumlorot ngangetake awak sing krasa adhem.

Nano, bocah umur rolas taunan iku wis rampung adus. Awit hawane ya pancen adhem tenan, sadurunge adus dheweke nggodhog banyu dhisik. Adus banyu anget ing esuk kang adhem pancen krasa luwih kepenak, saora-orane awake ora ndadak methotholen. Pancen ora saben dina Nano ados banyu

Wacan Bocah

anget, nanging esuk kuwi pancen adhem tenan. Bubar adus banjur dandan lan sarapan.

"Wah, Ibu wis nyiapke sega urap klapa senenganku," ujure Nano.

"Ya, kae segane anget, klapa parute isih enom. Wis ndang sarapan mengko ben ora telat plehe sekolah," ngendikane Ibu.

Sabubare sarapan, Nano matur marang ibune, "Bu kula bidhal rumiyin. Nyuwun pangestu badhe sekolah."

"Ya, ngati-ati kae nyuwun pamit karo Mbah Putri dhisik. Simbah nang lumbung lagi arep nyosoh pari," ngendikane Ibu.

Nano tumuju ing lumbung gabah, ana tumpukan untingan pari ketan sing isih talenan iratan pring apus munthuk kaya gunung. Ing cedhake ana grobog kayu dawa isine gabah. Simbah lagi madhahi gabah saka grobog nganggo tenggok, disuntak ing lesung banjur ditutu nganggo alu. Kulit gabah wiwit pecah, berase methungul, nanging durung resik. Terus ditapeni kareben mrambute pisah saka beras. Bubar kuwin ditutu maneh, ditapeni dipisahake katul karo berase.

"Mbah, kula badhe nyuwun pamit bidhal sekolah rumiyin," ature Nano marang Mbah Putri.

"Ya, sing ngati-ati nang dalan. Mlakune nang pinggir, akeh andhong liwat. Iki Kliwon, dina pasaran," ngendikane Mbah Putri.

"Inggi Mbah nyuwun pangestu," ujure Nano.

"Pak, kula bidhal rumiyin," Nano uga pamit karo Bapak, sing lagi ngekreki blarak saka blungkane. Nano budhal sekolah mlaku. Sekolahane rada adoh, udakara sekilometer saka ngomah.

* * *

Tekan dalan Nano ketemu Mas Argo putrane Pak Dhe Sis, sing sekelas ing kelas enem SD Soropadan, ing tlatah Kecamatan Pringsurat, Kabupaten Temanggung. "Ngga Dhik sareng, ben ana kancane mlaku," ujure Mas Argo.

Ya mengkono iku, yen padha omong-omongan, senjata pada umure, padha cilike sakarone padha basa, senjata ora basa mlipis. Ora mung karo Mas Argo, karo Dik Umi putrane Pak Lik Giarto, apa maneh karo Pak Lik, Bu Lik, Pak Dhe, Bu Dhe kabeh pada basa.

Nganti karo Pak Lik, Bu Lik, Pak Dhe, Bu Dhe ora basa, wis mesthi dielikke Bapak. "Karo wong tuwa kudu basa, le matur ora sembarangan," ngono dhawuhe Bapak.

Watara seprapat jam mlaku, bocah loro wis meh tekan sekolah, kancane saya akeh kang ketemu ing dalan. Ana Tardi, Jidin, Wahyudi. Jan, ramene ra karuwan. "E kae Pak Munjiyat wis rawuh, sepedhane dituntun," ujure Tardi.

Bocah-bocah padha rebutan nyalami, "Sugeng enjang Pak Guru." Banjur pada rebutan nggawakke tase Pak Guru. Tas kulit wernane soklat, ana cekelane ing sisih dhuwur. Isine mesthi buku karo pulpen sing ndhuwure ada putrane kango nyedhot mangsi.


Pak Munjiyat wiwit mulang, pelajaran ilmu bumi. Ing papan tulis, Pak Munjiyat nggambar peta Sumatra. Wah tliti banget anggone nggambar, diwiwiti gawe garis kothak-kothak nganggo garisan kayu sing ukurane sakmeters. Banjur ing kothak-kothak kuwi wiwit digambari nganggo kapur alon-alon, lekak-lekuk, menggak-menggok, banjur dadi peta Sumatra. Pak Munjiyat mundhut kapur warna biru, kanggo nggambar sisih pinggir. "*Biru ini lambang untuk laut. Begitu juga sungai. Hijau untuk pegunungan,*" mengkono ngendikane Pak Guru.


Bocah-bocah nirokke, ing buku gambare. Wiwitane padha, kabeh gawe kothakan kanggo nggambar peta kuwi. Sinambi nggambar Pak Munjiyat karo crita bab Pulo Sumatra. Dingendikakke, pulo kuwi isih duwe alas sing amba banget. Uga ana tliga sing paling amba sa-Indonesia, jenengan Danau Toba. Pak Munjiyat wiwit nggambar bunderan-bunderan. "*Ini lambang kota. Ayo siapa tahu ini kota apa saja,*" Pak Munjiyat pitakon marang para murid karo nuding bunderan-bunderan ing gambar paling pucuk.

"Kula Pak," Nano ngacung.

"Sabang, Banda Aceh, Sigli, Lhok Seumawe, Idi, Langsa, Basitang, Pangkalan Susu, Pangkalan Brandan," ujure Nano kanthi sigrak.

"We lha, sinau ana ngendi kowe, wong Pak Guru lagi ngajari dina iki," ujure Pak Guru.





Angger bar mbiji, tulisan angka sing mangsine isih teles kuwi narik kawigatene bocah-bocah. Biji nganggo mangsi sing isih teles iku banjur ditempelake ing pipi, ngecap angka pitu, wolu, ana sing enem, kepara papat. Rame banget.

Nano oleh biji pitu, nempel ing pipine Puji sing parabane Gendus. Puji bocahe lucu, mamerke cap mangsi ing pipine. Bocah-bocah gumuyu.

"Wis.... wis. Kok malah padha rame," ngendikane Pak Guru karo mundhut kapur. Jebul kapur iku banjur ditempelake ing buku sing tilas dibiji, supaya mangsine nyerep ing kapur lan ora padha ditempelake pipi.

Wis, pasinaon dina iki semene dhisik, diterusake sesuk. Ayo padha nembang bareng sadurunge pada mulih.

*Pitik walik jambul
Sega golong mambu enthong
Mangga sami kondur
Weteng kula sampun kothong
Enake enak
Sega liwet jangan terong
Enake enak
Sega liwet jangan terong*

Ra suwe keprungu swara theng... theng ... theng..... Iki tanda pasinaon ing dina iku rampung. Bocah-bocah ngaturake urmat marang Pak Guru, banjur rebutan metu. Ing dalan bocah-bocah isih ana sing karo tembangan *Pitik walik jambul, sega golong mambu enthong, mangga sami kondur, weteng kula sampun kothong*



"We lha, sinau ana ngendi kowe, wong Pak Guru lagi ngajari dina iki," ujare Pak Guru.

"Wonten griya Pak, bapak kula mundhutaken buku Atlas. Kula ningali, lajeng maos nami-nami kitha wonten Provinsi Aceh menika Pak," wangsulane Nano.



"Wonten griya Pak, bapak kula mundhutaken buku Atlas. Kula ningali, lajeng maos nami-nami kitha wonten Provinsi Aceh menika Pak," wangsulane Nano.

"Ya.... ya.... ya. Sapa maneh sing duwe buku Atlas," pitakone Pak Munjiyat. Ora ana sing wangsulan. "Ya, yen kepingin sinau ilmu bumi, bab peta Indonesia bisa dolan nang nggon Nano. Oleh ta kancamu sinau nang omahmu?" Pak Munjiyat ndangu.

"Pikantuk Pak, malah remen menawi kanka-kanka purun dolan dhateng griya kula," wangsulane Nano.

"Sesuk ya No, jeruke ngarep omahmu wis dha mateng ta. Sesuk aku dolan nang omahmu sinau ilmu bumi," ujare Wahyudi.

"Walah, nek Yudi ra arep sinau, padune mung arep ngrampet jeruke wae," cluluke Parminah. Bocah sak kelas

ngguyu nyekakak. Dumadakan keprungu swara theng theng theng.....

"Wis, ayo ngaso dhisik, padha metuwa saka kelas. Mengko yen wis theng maneh mlebu kanthi tertib," dhawuhe Pak Guru. Bocah-bocah manut, rebutan metu saka kelas. Ana sing terus menyang kakus, ana sing mlayu menyang kebon buri sekolahan, ana sing playon ing lapangan.

Theng.... Thengggg Thenggggg. Bel wis muni maneh, bocah-bocah mlebu. Pak Guru dhawuh bukan buku "berhitung", nyocokake PR sing didhawuhke wingi. Garapan banjur diijol-ijolke karo kancane, dioperke manengen kanthi itungan ping lima, ditliti berbarengan. Bocah-bocah wiwit niliti garapane kancane karo tulisane Pak Guru ing papan tulis. Bubar kuwi Pak Guru mubeng karo mbiji ngagem pulpene.

Basa Jawa Perlu "Marketing"

Dening: Widiyartono R



Ngrembug bab basa Jawa kaya-kaya ra bakal ana enteke. Taun wolung puluhan, Prof. Dr. Sunardji saka FPBS IKIP Semarang ngendika, "Basa Jawa Bakal Mati".

Sing nanggapi pangandikan kuwi jan akeh banget. Lan, umume akeh sing ora sarujuk karo panemune. Akeh sing padha ngomong yen basa Jawa ora bakal mati, merga sing nganggo basa kuwi cacahé akeh banget.

Nanging sanyatane, senajan basa Jawa isih akeh sing migunakake, nanging basa sing dienggo wis mosak-masik ra karuwan. Tembung sing dinggo wis akeh sing ora bener, unggah-ungguh dilalekake, tata-tulis utawa ejaan ora digatekake. Dadi bener, basa Jawa pancen isih urip, nanging uripe jan-jane ora karu-karuwan.

Aku percaya yen Prof. Sunardji ora nakyinake yen basa Jawa bakal mati. Nanging, piyambake kuwi ngemutake marang sok sapaa wae, supaya eling. Eling awake dhewe wong Jawa iki duwe



basa sing kudu
diopeni,
dilestarekake,
dingrembakakake.

Mula banjur taun
1991 ing Semarang
dianakake Kongres Bahasa Jawa I sing dibukak dening
Presiden Soeharto.

Limang taun sepisan terus dianakake Kongres
Bahasa Jawa, kang pungkasan taun 2011 ing Surabaya.
Ana sing nganggep menawa Kongres Bahasa Jawa kuwi
mung ngentek-entekke dhuwit, isine mung kangen-
kangenan pada pandhemen basa Jawa. Ya, panemu
kaya mengkono kuwi sah-sah wae. Nanging yen
diematke temenan, kongres sing wis diwiwiti 25 taun
kepungkur kuwi mesthi ana gunane, ana mupangate.

Nguripake maneh basa Jawa sing wis kadung
dilalekake wiwit taun 1976, nalika Menteri Pendidikan
Sjarif Thajeb ngilangi pelajaran basa Jawa ana ing
sekolahan, pancen ya abot temenan. Dadi upaya lan
reka daya kanggo ngelingake maneh marang sok sapaa
supaya padha nguripake lan ngrembakake basa Jawa
pancen kudu dilakoni. Para penunggal ing basa Jawa
ora kema anggane ngreka daya supaya basa iki tetep
kopen.

Basa Jawa Nggo Ngapa?

"Sinau basa Jawa kuwi dingo ngapa?" Pitakon kan
mengkonu kuwi bisa wae kawetu. Malah ana unen-
unen, guyonan, kepara malah sinisme mengkene. "Yen
kepingin gampang golek gaweyan, becik nyinau basa
Inggris. Yen kepingin bisnise lancar, sinau basa
Mandarin. Yen kepingin munggah swarga sinau basa
Arab. Rasah nyinau basa Jawa, ora bakal oleh apa-apa".

Coba rak nyengit banget to unen-unen kuwi. Bisa
wae dijawab, yen nyinau basa Jawa bocah-bocah dadi
ngerti unggah-ungguh, ngajeni wong tuwa. Nanging,
para wong tuwa sing pancen wis tipis Jawane ya
wangsulun, "Ngerti unggah-ungguh, bisa ngajeni wong
tuwa nanging ora marakke sugih."

Lha, ukurane jebul bandha, dhuwit, kesugihan ta.
Saiki pancen jamane jaman pragmatis. Kabeh diukur
miturut kebutuhan fisik. Duwe gaweyan sing apik,
bayare akeh, omahe gedhong magrong-magrong,

tumpakane
mobil alus.
Kuwi sing dadi
target, kuwi
sing dianggep
sukses. Menawa

simbah-simbah biyen ngarepake putra-wayaha "dadi
wong", apa ya ukurane kuwi mau?

Apa "dadi uwong" kuwi tegese sugih, duwe drajat,
pangkat, lan semat? Wah, yen jarwane ngono, kok ya
mung cethek temen. Ukurane kok mung fisik. Dadi yen
bisa urip prasaja, rukun ing paseduluran, asih mring
sesami, ajen-ingajenan kuwi "durung dadi uwong" yen
durung sugih, pangkate dhuwur, omahe magrong-
magrong, mobile alus.

Sajake pancen mengkono. Mula saiki bab-bab
nonfisik, bab sing rohani rada kurang digatekake.
Kabudayan kang dadi gegemane urip dilalekake. Ing
sajrone sistem kabudayaane Kuntjaraningrat watara
liya kasebut bab kapracayan (agama, kapracayan mring
Gusti), *kekerabatan, basa, lan sapanunggalane*. Sing
wis akeh dilalekake ya umpamane basa kuwi. Basa
Jawa wis ora kudu disinau, amarga wis dianggep kuna,
ora nut karo kemajuan jaman, marakke ngrendheti
pembangunan, lan alesan liyane.

Nanging sing padha duwe lan nyekel serta
nemtokake kebijakan ing pamarentahan sajake ora
padha paham, apa malah emoh paham. Coba ta,
Jepang kae majune kaya ngapa, nanging kabudayan
kepara basane tetep diopeni. Mengkonu uga Korea
Selatan sing ora ninggal kabudayane senadyan wis dadi
negara industri kang gedhe. Coba ta, yen padha
mirsani ing Jepang utawa Korea, tulisan-tulisan ing
panggonan umum nganggo tulisan Kanji. Dheweke
duwe "kepercayaan diri" sing gedhe. Ora kuwatir yen
tulisanane ora diwaca, pokohe kudu dipasang.

Beda karo awake dhewe, ing bandara tulisan basa
Inggris *departure* lan *arrival* gedhe banget. Mangka yen
ditambahi tulisan Jawa "karawuhan" lan "kabidhalan"
marakake "ngantheng". Wong bakal pingin ngerti
tulisan apa kuwi, lan apa tegese. Lha malah sing uwis,
jamane Pak Ismail ngasta dadi Lurah Jawa Tengah
biyen, jeneng dalan ing Semarang (paling ora)
ditambahi nganggo tulisan Jawa.

Saiki pancen jamane jaman pragmatis. Kabeh diukur miturut kebutuhan fisik. Duwe gaweyan sing apik, bayare akeh, omahe gedhong magrong-magrong, tumpakane mobil alus. Kuwi sing dadi target, kuwi sing dianggep sukses.

Nanging bareng gubernure ganti, kabeh tulisan mau dibusak. Jawa dianggep ora penting, Jawa dipunthes, dilalekake. Untunge jaman Pak Mardiyanto ngasta gubernur, budaya lan basa Jawa kaparingan kawigaten maneh. Ing jamane Pak Mardiyanto uga, Kongres Basa Jawa kaanakake maneh ing Semarang.

Ing jamane Pak Mardiyanto uga banjur ditetepake, basa Jawa dadi "mata pelajaran" ing SD nganti SMA. Nganti saiki Pak Mardiyanto, sanadyan wis orang ngasta dadi gubernur, isih kersa ngopeni basal an budaya Jawa lumantar Yayasan Studi Bahasa Jawa Kanthil.

Jamane Pak Bibit Waluyo dadi gubernur, ana owah-owahan, ngarep kantor gubernuran ditambahi tulisan "Ayo mbangun Jawa Tengah" nganggo aksara Jawa. Nanging tau kleru, tulisan ing sisih lor salah masang pasangan "ja" sing kuwalik karo pasangan "ba", yen diwaca tulisane muni "ayo amjangun bawa tengah". Senadyan rasa telat, aku ngonangi, banjur tak dadekake berita ing koran Wawasan karo potrete barang. Bubar kuwi disuwunake tanggepan saka pak Bibit, lan panjenengane langsung dhawuh, "Yen luput ya dibenerake". Saiki wis bener.

Jamane Pak Ganjar Pranowo, saiki, basa Jawa wajib digunakake ing instansi pamarentah saben dina Kemis. Komunikasi pegawe siji karo sijine padha migunakake basa Jawa. Mengkono uga sambutan-sambutan ana ing upacara, kepara malah sidhang-sidhang ing DPRD, lan rapat-rapat dinas.

Pemasaran Basa Jawa

Bali maneh marang unen-unen sinis bab basa Jawa sing ora marakke sugih kuwi, mula saiki pancen perlu dipikirake, piye carane wong apa maneh kanggo

para mudha, supaya padha eling lan bali nyinau lan nganggo maneh basa Jawa. Kudu ana iming-iming kanggo sok sapaa sing nyinau basa Jawa.


Pancen nalika Pak Mardiyanto gawe keputusan basa Jawa diwulangake ing sekolah, banjur perguruan tinggi sing duwe program studi basa Jawa dadi akeh mahasiswa sing ndhaftar. Nanging, apa ya bener banjur para calon guru lusan program basa Jawa otomatis dha diangkat dadi guru? Sajake ya ora.

Yen saiki basa Jawa uga disinau ing pawiyatan-pawiyatan negara manca, iki bisa dadi iming-iming. Mengko lulusan program studi basa Jawa bisa mulang basa Jawa ing Australia, Amerika, lan liya-liyane. Nanging, iki ya during bisa dadi iming-iming sing narik kawigaten. Kudu dipikirake dening para ahli pendidikan, mirunggan bab basa Jawa, supaya piye carane bisa daya "daya tarik".

Paling ora, ing sekolahan-sekolahan, pelajaran basa Jawa ora dadi momok, kepara malah nyenengake. Yen bocah wis seneng, rak luwih gampang anggone mulang. Kejaba kuwi, guru-gurune kudu disiyapake sing duwe kompetensi basa Jawa sing tenanan. Nuwun sewu yen aku duwe panganggep, guru basa Jawa sing saiki, kompetensi ilmu bahasa Jawane pancen apik, nanging kompetensi basa Jawane sing mrihatinake. Lha kadhang unggah-ungguh ora paham, apa maneh bab tata tulis. Lha, ini sing perlu didandani.

Banjur sing utama maneh ya wong tuwa. Yen wong tuwa ing ngomah anggone komunikasi karo putra-putrane nganggo basa Jawa, mesthi ora ndadekake kagete boocah nalika ing sekolah ketemu pelajaran basa Jawa. Iki pancen abot, merga wong tuwa saiki ya wis akeh sing ora paham basa Jawa. Mula, pancen isih akeh sing kudu dilakoni kanggo masarake basa Jawa supaya disenengi maneh, dienggo maneh, diopeni maneh.

Kudu dieling, yen basa Jawa ilang, ketoprak ya ilang, wayang ya ilang, geguritan, cerkak ya ilang. Apa kita eklas kelangan kabeh mau? Mula basa Jawa pancen perlu *marketing*. 📢



Widiyartono R,
wartawan senior,
pandhemen basa lan
budaya Jawa.



PILAHAN BASA Ngoko Lan Krama

Setyaji Hartata

Unggah- ungguh Basa

Unggah-ungguh basa yaiku undha-usuking basa utawa trap-trapaning basa. Sajatine undha-usuk basa ana pirang-pirang perangan, nanging mligi kanggo wulangan para siswa pendidikan dasar lan menengah kang kajumbuhake klawan kurikulum lan buku-buku pelajaran ana ing pamulangan utawa sekolah-sekolah, cukup kawedharake bakune, yaiku : *basa ngoko* lan *basa krama*. Basa ngoko kaperang dadi loro, yaiku *ngoko lugu* lan *ngoko alus*. Dene *basa krama* uga kaperang dadi loro, yaiku *basa krama lugu* lan *basa krama alus*.

Murih gamblange babagan unggah-ungguh basa kababar ana ing ngisor iki.

Basa Ngoko

Basa ngoko yaiku unggah-ungguh basa kang inti tetembungane awujud tembung-tembung ngoko. Imbuhan sing digunakake uga imbuhan ngoko, umpamane ater-ater *di-*, panambang *e*, lan panambang *ake*. Basa *ngoko* kaperang dadi loro, yaiku *ngoko lugu* utawa *ngoko lumrah* lan *ngoko alus*.

Basa Ngoko Lugu utawa basa Ngoko Lumrah

Basa *ngoko lugu* utawa *ngoko lumrah* kerep mung sinebut basa *ngoko*, yaiku ungaah-ungguh basa Jawa kang kabeh tembungane awujud tembung ngoko lan netral tanpa kacampuran tembung krama, krama inggil, utawa krama andhap.

Basa *ngoko lugu* digunakake menawa :

- 1) sing guneman lan sing diajak guneman sadrajat tur raket-supeket (akrab) pasrawungane, lumrahe digunakake dening bocah-bocah, ing antarane kanca, utawa pawongan kang saumuran (meh padha umure);
- 2) sing guneman luwih dhuwur drajate, umpamane luwih dhuwur pangkate, priyayi, utawa luwih tuwa tinimbang sing diajak guneman;
- 3) pinuju crita awujud andharan;
- 4) pinuju ngunandika, yaiku ngudarasa utawa ngomong karo awake dhewe.

Ing ngisor iki conto-contone ukara kang migunakake basa *ngoko lugu* utawa *ngoko lumrah*.

- Aku arep lunga menyang Jakarta.
- Dheweke mangan bakso.
- Apa kowe wis sarapan, Le?

- Wit-witan gedhe ing pinggir dalan akeh sing ditegor.
- Saiki warga Desa Polan wis ngrasakake padhange listrik.
- Yen wis rampung anggonmu sinau, enggal turua, Ndhuk!

Basa Ngoko Alus

Basa *ngoko alus* yaiku basa kang dumadi saka tembung *ngoko* kang dikantheni (dicampur karo) tembung-tembung *krama inggil*, *krama andhap*, utawa *krama*. Tembung *krama inggil*, *krama andhap*, apadene *krama* kuwi mau digunakake kanggo ngormati marang wong kang diajak guneman utawa wong kang dicritakake.

Basa *ngoko alus* digunakake menawa :

- 1) sing diajak guneman drajate luwih dhuwur utawa luwih tuwa umure, nanging raket-supeket pasrawungane.
- 2) pinuju nyritakake wong kang drajate luwih dhuwur, umpamane pangkat luwih dhuwur, utawa luwih tuwa, saperlu ngormati marang wong kang dicritakake.




- Bapak lagi maos koran neng kamar.
- Mbak, *panjenengan* mengko sore sida arep ngejak aku blanja apa ora?
- Simbah mengko sore *tindak* menyang Klanten karo sapa?
- Nhuk, jamu iki *diaturake* Bapak dhisik, ben enggal *diunjuk*!
- Mbak, yen sesuk sida mulih neng Sragen aku *disuwunake* dhuwit marang ibu, ya!

Ing ngisor iki contone ukara kang migunakake basa ngoko alus.

Basa Krama

Basa *krama* yaiku ungah-unguh basa kang inti tetembungan kang digunakake awujud tembung krama. Imbuan kang digunakake uga awujud imbuan krama, umpamane ater-ater *dipun*, panambangipun, lan panambang *aken*. Basa krama kapérang dadi loro, yaiku krama lugu lan krama alus.



Basa Krama Lugu

Basa *krama lugu* beda karo basa *ngoko lugu*. Menawa basa *ngoko lugu* tetembungan kang digunakake kabeh awujud tembung *ngoko*, dene basa *krama lugu* ora ateges kabeh tetembungane awujud tembung *krama*. Ananging, menawa katilik saka tembung-tembung sing digunakake, basa *krama lugu* tembung-tembung sing digunakake awujud tembung *krama*, *madya*, *netral*, lan bisa ditambah tembung *krama inggil* atau *krama andhap*. Tembung *krama inggil* utawa *krama andhap* digunakake kanggo ngormati wong sing dijak guneman.

Basa *krama lugu* digunakake menawa mangkene iki.

- 1) sing guneman lan sing dijak guneman sadrajat nanging durung raket-supeket pasrawungane, bisa uga durung tau tepung utawa durung kenal, saperlu ngormati marang wong sing dijak guneman;
- 2) sing guneman luwih dhuwur drajate utawa luwih dhuwur pangkate tinimbang sing dijak guneman, nanging sing dijak guneman luwih pantes lan wajib dikormati, upamane luwih tuwa utawa dituwakake;
- 3) sing guneman luwih tuwa tinimbang sing dijak guneman, nanging sing dijak guneman luwih dhuwur drajate utawa pantes dikormati, upamane luwih dhuwur pangkate, utawa priyayi;
- 4) pinuju ngandharake/ nyritakake wong kang rada dhuwur drajate utawa umure nanging kaceke ora adoh banget.

Ing ngisor iki conto-contone ukara kang migunakake basa *krama lugu*

- Wilujeng dhatengipun wonten ing kitha Semarang ngriki !
- Sakniki nek kita boten ngatos-atos ngecakke arta saged kejeglong, Mas.
- Angsal kula pesen kripik bayem ten nggene Mbokdhe Raminah.
- Mas, njenengan wau dipadosi Ibu, lho!
- Yen purun, sampeyan mengke kula teraken pijet teng Mbah Soma.
- Yen njenengan boten kawraton, tulung gawan kula niki mangandhapke, nggih!

Basa Krama Alus

Basa *krama alus* yaiku unggah-ungguh basa Jawa kang kabeh tembung-tembunge awujud tembung *krama* lan bisa kawuwuhan tembung *krama inggil* utawa *krama andhap*. Ing basa *krama alus* ora ana tembung *ngoko* utawa *madya*.

Basa *krama alus* digunakake menawa :

- 1) sing guneman durung tau tepung utawa durung kenal karo sing dijak guneman lan sing dijak guneman luwih dhuwur drajate utawa luwih tuwa umure;
- 2) sing dijak guneman cetha yen luwih dhuwur drajate, dhuwur pangkate, utawa luwih tuwa umure kang pantes utawa wajib dikormati;
- 3) pinuju ngandharake/nyritakake wong kang luwih

dhuwur drajate utawa luwih tuwa umure, saperlu luwih ngajeni marang wong kang dicritakake mau.

Ing ngisor iki conto-contone ukara kang migunakake basa *krama alus*.

- Sugeng rawuhipun wonten ing Kitha Semarang mriki!
- Sapunika menawi kita boten ngatos-atos ngecakaken arta saged kejeglong, Mas!
- Anggen kula pesen kripik bayem wonten panggenanipun Mbokdhe Raminah.
- Mas, kala wau panjenengan dipunpadosi Ibu.
- Menawi kersa, panjenengan mangke kula dherekaken pijet dhateng Mbah Soma.
- Menawi panjenengan boten kawraton, nyuwun tulung bektan kula menika panjenengan andhapaken, nggih!

Sajatine undha-usuk basa ana pirang-pirang perangan, nanging mligi kanggo wulangan para siswa pendidikan dasar lan menengah kang kajumbuhake klawan kurikulum lan buku-buku pelajaran ana ing pamulangan utawa sekolah-sekolah, cukup kawedharake bakune, yaiku : *basa ngoko* lan *basa krama*.





Relief di
Candi Suki

Candhi Cetho

Misteri Ing Gegere Gunung Lawu



Gapura gerbang
Candi Cetho

Sawise ngliwati dalan sing kebak tikungan lan sengan utawa tanjakan ing gegere Gunung Lawu, lan mandeng endahé kebon tehe sing ijo nyegerake sesawangan, banjur tekan ing Cetho.

Laladan ing 1.470 meter saka permukaan laut iku, hawane jan krasa seger temenan. Apa maneh grapyake warga desa sing methuk para tamu kan pada teka ing Candi Cetho.

Ya, Candi Cetha ana ing laladan Desa Gumeng, Kecamatan Jenawi, Kabupaten Karanganyar. Mlebu laladan iki, nuansa Bali banget bisa dirasakake. Para tamu dipethukake kanthi prosesi ritual penyembahan kan ditindakake dening para sedulur Umat Hindu.

Perlu dimangerteni, pedhukuhan ing Cetho, miturut katrangan kecacah meh 100 persen wargane ngrasuk agama Hindu. Nanging ya cetha yen ana bedane antara Hindu Bali lan Hindu ing tanah Jawa. Ing Bali, akeh ditemokake patung



Candi Suku

patung dewa, nanging ing tanah awa kang pinuja dening para umat iku arupa simbol-simbol.

Karanganyar nduweni candi loro sing fenomenal, yaiku Candi Suku lan Candi Cetho. Candi Suku disebut candi wadon lan Candi Cetho dadi candi lanange. Disebut mengkono amarga, ing Suku ana relief sing nggambarake alat kelamin wadon, sing wujud mlahe. Lan ing Cetho suwalike, simbol alat kelamin lanang wujud reca sing jan cetha jibles.

Napaki undhak-undhakan nuju puncaking Candi, wisatawan bakal nemoni relief alat kelamin lanang karo wadon nglambangake saresmi Miturut Haryono, pensiunan Dinas Pariwisata Karanganyar, relief iki arupa simbol yen saresmi iku ora mung sacara fisik, nanging uga jangkep ing antarane raga, roh, lan jiwa. "Saka kuwi bakal bisa dirasakake temenan kanugrahan paringane Gusti," ujar Haryono.

Kahanane Candi Cetho dhewe wis narik kawigaten. Panggonane ana ing papan kang dhuwur, lan yen munggah kudu napaki undhak-undhakan sing akehe puluhan, tur neter meh jejeg.

Dewi Saraswati

Kang uga narik kawigaten ing papan iki yaiku, anane patung Dewi Saraswati, yaiku Dewi tumraping kawruh (*Dewi Ilmu Pengetahuan*) ing kompleks candhi. Patung ini asile lobi (manten) Bupati Karanganyar Rina Iriani Sri Ratnaningsih marang Bupati Gianyar, Bali kala semana. Sabanjure Bupati Gianyar A.A.Gde Agung Bharata paring patung Dewi Saraswati kuwi, lan langsung digawa saka Gianyar nganti dipajang ing kompleks Candi Cetho.

Nganti saiki, patung iku dadi daya tarik sing gedhe tumrap Candi Cetho. Wisatawan kepingin teka mrana, kejaba nonton kaendahane Candi Cetho lan alam sing asri, uga merga ana patung Dewi Saraswati iku. Orang mung wisatawan saka lokal wae, nanging kepara tamu saka Bali uga akeh kang pada teka mrano, lan nindakake pamujan ing kono.

Nate dicritakake dening manten Kepala Dinas Pariwisata Karanganyar, Joko Suyanto, nalika semana Menteri Kebudayaan dan Pariwisata Jero Wacik, sing pancen asli Bali, rawuh ing kono dikancani pedhandhe (pandhita Hindu) loro. Ana misteri aneh kang ditemoni.

Pak Joko Suyanto sing wektu iku melu ing ritual sembahyang bareng, rumangsa nemoni gambaran kang aneh. Wektu kuwi, ana kaya dene *penampakan* sirah lan pupu wong kobong. "Kawula sedaya sami mbatos, pralambang menapa menika? Jebul seminggu sasampunipun kedadosan musibah bom Bali ingkang kaping kalih," ngono critane Pak Joko.

Mengkono uga nalika kedadeyan bom ing Kuningan, Jakarta. Sadurunge kedadeyan, wong-wong kang padha sembahyangan ing kono weruh *penampakan* ana getih lambah-lambah sing suwe-suwe rupane malih dadi kuning. "Mboten dangu sasampunipun lajeng kedadosan bom Kuningan," tuture Pak Joko.

Bab kang krasa aneh uga dialami penulis, nalika wektu iku ngayahi tugas dadi juri lomba manajemen pariwisata tingkat Provinsi Jateng. Pak Haryono, sing wektu kuwi isih dhines ing Dinas Pariwisata Karanganyar dadi pemandu. Pancen, nalika juri teka ing kono, dipethukake kanthi upacara ritual. Sabubare kuwi, Pak Haryono ngaturi supaya tim juri lan rombongan saka Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Jateng padha suryan, utawa raup ing sendang kang ana ing kompleks kono.

Sabubare padha raup, Pak Haryono ngendika, yen bubar raup banjur padha ndedonga, nenuwun marang Gusti. Nalika padha rampung ndedonga, dumadakan angin sumiyut. Kangmangka, maune ora ana tandha

apa-apa. Sumiyute ya mung sedhela banget, banjur ora ana angin maneh. "Menika pratandha sae, donga Panjenengan sami sampun dipun tampi dening Gusti," kandhane Pak Haryono.

Ya, ngene iki kahanan sing ditemoni penulis nalika dolan mrana. Candi Cetho kabangun ing mangsa surute Kraton Majapait, ing abad kaping 15. Nalika kraton runtuh, wargane kocar-kacir. Ana sing mlayu menyang Bali, lan sawatara padha mlayu menyang Gunung Lawu, kalebu Prabu Brawijaya V.

Wong-wong sing padha mlayu saka Majapait iku banjur mbangun candhi kanthi kebebasan sing luar biasa. Yen candi-candi liyane pralambang kesuburan digambarake kanthi wujud lingga-yoni, iki diwujudake kanthi luwih cetha. Ing Candi Suku ana relief wujud *alat kelamin* wong wadon, lan ing Candi Cetho kanthi reca wujud *alat kelamin*-e wong lanang.

Kandhutan sejarah sing gedhe iku ndadekake candhi saya kasengkuyung dadi objek wisata, sing diparani wong saka ngendi-ngendi papan. Patung Dewi Saraswati kang dipajang ing kompleks kono, saya dadi daya tarik sing luwih gedhe.

Kanggone Kabupaten Karanganyar, anane Candi Cetho iki saya ngumpliti destinasi wisata ing tlatah Gunung Lawu sisih kulon iki. Karanganyar duwe Grojogan Sewu ing Tawangmangu, Curug Jumog, Curug Ijo, durung maneh kaendahane Candi Suku, Gunung Lawu, lan liya-liyane.

Mula, sok sapaa sing kepingin mbuktekake yen ana patung-patung lan relief "saru" ing Candi Suku lan Candi Cetho, ayo ndang rawuha mrana. Tenang, endah, aneh, unik. 🌿



Candi-cetho



Batik Tegal, *Local Heritage*

Dening: Jalil Assodiq

Batik wis dadi salah sijine *local heritage* masarakat Indonesia. Batik beh bisa didadekena buktine budhaya asli awake dhewek. Ora klalen, Tegal beh nduwe batik sing moncer dikenal wong maring ngendi-endi bae.

Bahan batik sekang Tegal utawa kerep dikenal Batik Tegal saikine lewih populer tur digandrungi. Kanyatan kiye beh ora bisa ucul sekang usahane Dinas Koperasi dan UMKM Kabupaten Tegal sing terus nyurung majokena usaha batik maring Tegal. Angger dideleng saka motif karo corake, batik tegal kiye nduwe motif karo corak sing ora kalah dibandingna karo batik Pekalongan, batik Solo, utawa batik Jogja.

Batik tegalan kiye moncer sebabe nduwe motif batik klasik, yakuwe motif sing lewih tegas sing ndudohena karaktere wong pesisiran. Batik tegalan nduwe motif sing mandan padha karo batik Medura. Kiye bisa dideleng saka motif sing tegas tur cetha. Tapi, batik tegalan kiye lewih luwes ning ukiran canthinge. Sing didadekena pewarna batik tulis tegal yakuwe pewarna sing alami. Batik tegalan nganggokena pewarna alami

sekang kayu soga, pace, karo nila.

Angger dideleng sekang sejarane, batik tulis tegal dipengaruhi dening Kerajaan Mataram, yakuwe wektu mlayune Raja Amangkurat I (Sunan Amangkurat Mas sekang Karaton Kasunanan Surakarta) maring Tegal Arum. Wektu kuwe Raja Amangkurat I beh nggawa wong-wonge sing padha melu setia maring dheweke. Wong-wong sing padha melu kuwe ana

Batik tulis klasik Tegal mulai dadi primadona





Motif batik Tegal
biasane riyel lan
dikebaki warna
cokelat utawa biru

sing tukang mbathik. Perkembangane bathik ning Tegal dadi apik tur moncer sebabe ana sekolahan sing khusus ngajarena mbathik, yakuwe "Sekolah Kepandaian Putri". Sekolah kuwe diadegena wektu taun 1914 daning R. A. Kardinah, yakuwe bojone Bupati Tegal, R. M. Sajitno Reksonegoro IX sing njabat antarane taun 1908 anjog taun 1936.

Motif Klasik lan Perkembangan

Umume, motipe bathik tegal dibedakena dadi loro, yakuwe motip klasik karo motip pengembangan. Bathik tegalan motip klasik dibagi maning dadi loro, yakuwe motip irengan karo motip bangjo. Motip irengan nganggokena warna coklat, biru karo warna ireng. Gambar motipe, yakuwe kembang cempaka putih, cempaka mulya, semut runtung, ukel pyur, putihan, sawat candra utawa sawat ireng, gibrikan, jahe-jahenan, kawung melinjo, kawung endhog, buntat, manggaran, sidamukti putihan, sidamukti ukel, ukel wit-witan, udan liris, kecubung, welut gumbel, rujak senthe, parang angkik, parang, karo motip kopi pecah. Ana maning motip bangjo sing lewih keminclong warnane. Motip kiye nganggokena warna abang, kuning, coklat, biru, karo warna ijo. Gambar motipe biasane semut runtung, beras mawur, cecek kawe, unian, sokaraja, blarakan, tumber bolong, tambangan, buntut bajing, galaran, kopi pecah, kawung jenggot, jambangan, karo motip wadhas gempal.

Seliyane motip klasik, bathik tegalan beh nduwe motip pengembangan sing dipengaruhi dening motip-motipe dhaerah liyane. Tapi, bathik khas tegalan esih nganggokena pakem-pakem sing ana ning alame Tegal, yakuwe motip *flora-fauna*. Motip pengembangan, yakuwe kembang kertas, kawung mlinjo, kawung ece, gedhong kosong, manuk emprit, manuk

Batik Tegal tema flora lan fauna



surwiti, sotong, cecek ngawe, blarak saleret, kembang pacar, kipas-kipasan, manggaran, mayang jambe, galaran, grandhil, semut runtung, beras wutah, semut runtung, karo motip kawung kecil.

Kuwe mau inpormasi sethithik sing njabarna bathik tegalan. Kuwe dadi tandhane budhaya Tegal sing sugih tur kreatip. Mbokan arep maring Tegal aja klalen tuku bathik tegalan kanggo oleh-oleh keluarga beh kanca bature ben bisa eling bae maring Tegal sing keminclong. 🍀



Seliyane motip klasik, bathik tegalan beh nduwe motip pengembangan sing dipengaruhi dening motip-motipe dhaerah liyane. Tapi, bathik khas tegalan esih nganggokena pakem-pakem sing ana ning alame Tegal, yakuwe motip *flora-fauna*.

Kagem nambah bobot Majalah Swaratama, sumangga sami nyerat kritik, uneg-uneg lan sedaya pangarep-arep, dipun kentun kemawon wonten alamat e-mail: swaratama@gmail.com. Serat ingkang saged kapacak bakal pikantuk bebungah arupi gift menarik. Red.

Ndherek Bingah

Kula mireng yen badhe wonten kalawarti Jawi enggal ingkang mijil ing Semarang. Wah, kula mongkog sanget. Amargi, Jawi Tengah minangka punjering basa lan budaya Jawi ngantos sepriki mboten gadhah kalawarti basa Jawi ingkang pinunjul.

Mugi-mugi, majalah basa Jawi **SWARATAMA** saged ngiseni kosongipun media basa Jawi ing Jawi Tengah. Kula kinten, amargi terbit ing Semarang utawi Jawi Tengah, mila wartos-wartosipun mesthi kathah ngengingi bab Jawi Tengah. Umpaminipun bab even kebudayaan, kesenian, lan ugi objek-objek wisata.

Mugi kalawarti **SWARATAMA** saged langeng, terbit rutin, lan migunani tumrap para pandhemen basa lan budaya Jawi. Kula ndherek bingah, lan atur salut kagem Balai Bahasa Jawa Tengah ingkang sampun nerbitaken majalah menika.

Ari Sandy


Ds. Soropadan, Pringsurat, Temanggung

Pangajeg-ajeng ingkang sangat migunani, ndherek bingah lan nyuwun pangestu. red.

Aja Mung Tulisan sing Ndakik-ndakik

Aku bungah banget, dene ana majalah basa Jawa sing diterbitake dening Balai Bahasa Jawa Tengah. Majalah **Swaratama** iki, kaajab muga bisa awèh kawruh bab basa lan budaya Jawa kanggo warga Jawa Tengah, mirunggane, lan kanggo para pandhemen basal an budaya Jawa.

Aku uga duwe pangajab, muga majalah iki bisa kanggo sinau sok sapaa wae, bab kawruh basa lan budaya Jawa. Aku duwe pangarep, majalah iki isine ora mung artikel utawa tulisan-tulisan bab budaya lan basa wae, nanging uga kawruh (ilmu pengetahuan) populer, umpamane bab computer, internet, lan liya-liyane. Dadi bocah enom uga kepingin melu maca.



Uga berita-berita sing kedaden ing sakupenge Jawa Tengah, sing ora wayu, mesthine bisa ngiseni kalawarti iki.

Yen isine mung tulisan sing ndakik-ndakik, aku kuwatir mengko bocah enom wegah nyenggol. Salut kanggo Balai Bahasa sing wis nerbitake majalah iki.

Agung Tri Wibowo

Penawangan, Kabupaten Grobogan

Usulan iki migunani banget tumrap bobot lan isi Majalah Swaratama ing tembe. Ora ana salahe menawa dicatet lan dirapatake, maturnuwun. red.

Mugi Kenging Kangge Sinau

Kula ndherek bingah dene sampun terbit majalah basa Jawa **Swaratama**. Menika estu saged kangge ngisi kekosongan media mawi basa Jawi, amargi samenika naming **Panjebar Semangat** kemawon ingkang taksih gampil dipun padosi. Majalah utawi kalawarti basa Jawi sanesipun, senajan taksih wonten, nanging angel dipun padosi.

Mugi majalah enggal menika saged kangge sinau bab basa Jawi, utaminipun kangge lare-lare nem. Kepara malah kangge guru basa Jawi, supados saged nginggahaken kompetensi bab Basa Jawi.

Mila kula nyuwun, mugi isi majalah menika ing antawisipun bab kawruh basa, kados pundi kedah wawan-wicara kaliyan asane, sae mawi basa ngoko utawi basa krama. Amargi kula rumaos, bilih kathah tiyang, utaminipun lare nem, ingkang sampun mboten paham bab undha-usuk basa Jawi.

Mugi **Swaratama** tansah sempulur lan migunani tumrap kita sedaya.

Any Martha T Wulandari

Jalan Anjasmara I/323
Semarang

Mongkog banget maos pangajab Panjenengan, mugi Majalah Swaratama terbit langgeng lan mugunani tumrap Bangsa.-red.



PANGGLUNG



foto: tim majalah swaratama

TARI "JARANAN" KUDUS



“Menangi jaman edan,
ewuh aya ing pambudi,
melu edan nora tahan,
Yen tan melu anglakoni,
boya keduman melik,
kaliren wekasanipun.
ndilalah kersaning Allah,
begja-begjane kang lali,
luwih begja kang eling
lan waspada...”

Pupuh kapitu saka tembang sinom “Serat Kalatidha” (Masa Suram) anggitanipun Raden Ngabehi Ranggawarsita.
Diserat mbarengi jumenenganipun Pakubuwana IX (1861-1894).